



# SÈVIS KI BAY ASISTANS POU LEKÒL PRIVE

## Yon pa anplis pou elèv

Aplikasyon pou bousdetid pou K-12

**2008-2009**



THE CARRIE MEEK  
Foundation

Nou sèvi kòd postal 33054, 33055, 33056,  
33142, 33147, 33167, ak 33169.

Aplikasyon ak dokiman pou renouvèlman yo dwe gen yon sou lapòs sou yo ki date pa pita pase **1ye me 2008**.

Nou kapab bay asistans ak aplikasyon pou renouvèlman ki gen yon sou lapòs ki date apre dat limit la.

**Pa gen dat limit pou nouvo aplikan yo - Pou nou bay nouvo bousdetid, nou baze sou prensip aplikasyon ki fin fèt an premye a se limenm kap jwenn an premye.**

PA enskri pitit ou nan yon lekòl prive toutotan ou pa resevwa yon LÈT KI FÈ W KONNEN OU GEN BOUSDETID la ansanm ak Fòm Pwomès Lekòl [School Commitment Form] (SCF)! Fon yo pa garanti. Si w enskri pitit ou anvan ou resevwa yon SCF, wap responsab pou w peye ekolaj yo, epi timoun lan kapab pa kalifye pou fon pou bousdetid nan lavni.

### ÈSKE W KALIFYE POU W PREZANTE YON APLIKASYON?

1.) Carrie Meek konsidere TOUT moun nan kay la ansanm ak tout revni yo. Pou kalike kantite moun ki gen lakay ou, ajoute TOUT moun ki abite ansanm avèk ou yo; rezilta sa a se kantite moun ki gen lakay ou yo. Koulyeya, ajoute revni TOUT moun ki abite nan menm kay avèk ou yo; rezilta sa a se revni total ou. Si w mete TOUT moun ki abite lakay ou yo epi TOUT revni ki rantr nan kay la, èske w ranpli kondisyon sou revni ki ekri nan fen paj sa a?

**GO** Wi. Si w se yon fanmi kap RENOUVLE, epi ou pap ajoute okenn nouvo elèv, fin ranpli aplikasyon an koulyeya.

Wi. Si w se yon fanmi kap RENOUVLE, epi wap ajoute nenpòt nouvo elèv, fin reponn kesyon ki pi ba la yo pou nouvo elèv yo sèlman.

Wi. NOUVO fanmi yo, kontinye nan pwochen kesyon an.

**STOP** Non. KANPE, moun lakay ou yo pa kalifye pou yon bousdetid.

2.) Èske elèv ou a (yo) ap rantr nan Jadendanfan jiska klas 12yèm pou ane lekòl 2008-2009 la?

Wi. Kontinye pou elèv sa yo.

**STOP** Non. KANPE, elèv sa yo pa kalifye. Elèv yo dwe pral rantr nan klas Jadendanfan jiska klas 12yèm pou yo kalifye pou yon bousdetid.

3.) Èske elèv ou a (yo) ap gen ant 5 a 22 an le 1ye septanm 2008?

Wi. Kontinye pou elèv sa yo.

**STOP** Non. KANPE, elèv sa yo pa kalifye. Elèv ki gen 4 an ak sa ki pi piti yo oswa elèv ki gen 23 an ak sa ki pi gran yo le 1ye septanm 2008 pa kalifye pou yon bousdetid.

4.) Èske NOUVO elèv ou a, ki pral rantr nan klas 2yèm a 12yèm nan ane 2008-2009 la, te ale nan yon Lekòl Piblik nan Florida pandan tout ane lekòl 2007-2008 la?

**GO** Wi. NOUVO elèv mwen an (yo) te ale nan Lekòl Piblik nan Florida pandan tout ane lekòl 2007-2008 la OSWA lap rantr nan Jadendanfan oswa nan klas 1ye ane ~ Ranpli aplikasyon an pou elèv sa yo.

**STOP** Non. NOUVO elèv mwen an (yo) te fè lekòl adomisil a yon moman kèlkonk pandan ane lekòl 2007-2008 la - KANPE - elèv sa a (yo) pa kalifye pou yon bousdetid.

**STOP** Non. NOUVO elèv mwen an (yo) te ale nan yon lekòl prive pandan ane lekòl 2007-2008 la - KANPE - elèv sa a pa kalifye pou yon bousdetid.

**REMAK: Nou pa ranbouse frè \$30.00 pa kay pou aplikasyon an.**

### Machaswiv pou Revni

Pou kalkile kantite moun ki gen lakay ou, ajoute TOUT moun ki abite ansanm avèk ou, rezilta sa a se kantite moun ki gen lakay ou yo. Koulyeya, ajoute revni TOUT moun ki abite nan menm kay avèk ou yo; rezilta sa a se revni total ou. Revni vle di tout sa yo: Revni ajiste anvan taks, si w ranpli taks sou revni, Revni Sekirite Sosyal/Dezabilite, Sipò pou Timoun oswa nenpòt lòt revni yo pa pran taks sou li. Tcheke tablo a pou wè si revni w pi piti pase (oswa menm ak) montan lajan yo montre sou tablo a pou kantite moun ki gen lakay ou a.

Pou kalifye pou Bousdetid Carrie Meek la, kantite revni tout moun lakay ou dwe egal a oswa pi piti pase montan lajan yo montre pou kantite moun ki gen lakay ou a. Pou nouvo kay oswa pou kay kap ajoute elèv epi ki gen pi plis pase 8 moun ladan, ajoute \$6,660 pou chak moun anplis ki gen nan kay la. Pou kay kap renouvle epi ki gen pi plis pase 8 moun ladan, ajoute \$7,200 pou chak moun anplis ki gen nan kay la.

Kantite moun ki gen nan kay la	Revni pou nouvo kay ak pou kay kap ajoute elèv	Revni pou kay kap renouvle
2	\$25,900	\$28,000
3	\$32,560	\$35,200
4	\$39,220	\$42,400
5	\$45,880	\$49,600
6	\$52,540	\$56,800
7	\$59,200	\$64,000
8	\$65,860	\$71,200

### VOYE APLIKASYON AN PA LAPÒS BAY:

PSAS/CARRIE MEEK  
SCHOLARSHIP  
APPLICATION  
P.O. BOX 458025  
WESTLAKE, OHIO 44145

Pou tcheke nan ki pwen aplikasyon ou lan ye (4 a 6 semenn apre w te voye l pa lapòs), ale nan [www.psas.org](http://www.psas.org) oswa rele 800-664-1530.

**ENPOTAN:** Reponn kesyon yo pou poze yo nan espas vid yo toupatou nan fòm sa a; ekri "pa gen rapò" oswa 0 pou kesyon ki pa gen rapò avèk ou yo. Pa kite okenn espas vid.

# APLIKASYON POU BOUSDETID • 2008-2009

## **A** PARAN oswa MOUN KI RESPONSAB ELÈV A KI ABITE MENM KOTE AK ELÈV LA

**Nap egzije pou moun sa a siyen chak chèk bousdetid la.**

**Tcheke youn:**  Papa  Manman  Granparan  Matant/Tonton  Lòt granmoun

Siyati \_\_\_\_\_ Prenon \_\_\_\_\_ Inisyal dezyèm prenon \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 Nimewo Sekirite Sosyal\* \_\_\_\_\_ (Kòd Rejyonal) Nimewo Telefòn Lakay \_\_\_\_\_

Ap travay nan \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 (Kòd Rejyonal) Nimewo Telefòn Travay \_\_\_\_\_

Adrès kay la, # Apatman (li dwe youn adrès ki nan yon lari. Bwat Postal pa akseptab)

Vil kote w rete a \_\_\_\_\_ Eta kote w rete a \_\_\_\_\_ Kòd postal kote w rete a \_\_\_\_\_

Konte kote w rete a \_\_\_\_\_ Adrès imèl ou \_\_\_\_\_

Adrès kay kote w resevwa kourye (si l pa menm ak adrès ki anwo a)

\* Nimewo sa a se yon nimewo kòd pou fanmi an, epi ou dwe mete l sou chak paj dokiman wap bay yo.

## **C** ENFÒMASYON SOU TOUT KAY LA

1. Kantite moun ki te abite lakay ou pandan ane 2007 la:

Paran/Moun ki responsab elèv la \_\_\_\_\_ Timoun \_\_\_\_\_ Lòt moun \_\_\_\_\_

Total moun ki anwo a \_\_\_\_\_ (Sa a se "kantite moun ki lakay ou")

2. Ki lang yo pale lakay ou? \_\_\_\_\_

3. Ki eta sivil PARAN A koulyeya?: (Tcheke tout sa ki gen rapò avèk ou yo)

- a.  Selibatè, pa janm marye d.  Divòse g.  Ap viv ak yon lòt moun ki enpòtan pou li  
 b.  Marye e.  Divòse/Remarye h.  Lòt: \_\_\_\_\_  
 c.  Mari/madanm mouri f.  Separe \_\_\_\_\_

4. Dat Separasyon an (Mwa/Ane) oswa pa gen rapò \_\_\_\_\_

5. Dat Divòs la (Mwa/Ane) oswa pa gen rapò \_\_\_\_\_

6. Ekri non nenpòt paran, ki pa abite nan kay la, pou timoun ki abite ak Paran A ak B yo.

Non paran ki pa gen gad timoun lan \_\_\_\_\_

Non timoun lan \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

7. Èske PARAN A ak/oswa B resevwa sipò pou timoun pou nenpòt timoun ki nan kay la?  Wi  Non

8. Èske PARAN A ak/oswa B gen yon papye divòs/akò pou separasyon?  Wi  Non  
 Si w di WI, bay yon kopi papye divòs/akò pou separasyon ou lan si w pa mete timoun lan (yo) sou papye taks sou revni ou pou w ka demontre yo abite avèk ou.

\*\*\*Aplikasyon sa a se SÈL chans ou genyen pou w esplike sityasyon tout moun lakay ou yo. Tanpri itilize yon fèy papye anplis, si l nesèsè, pou w ban nou TOUT enfòmasyon nou bezwen pou nou detèminen kalifikasyon ou. Ou dwe devwalè tout enfòmasyon yo KOULYEYA. Si w pa bay tout enfòmasyon ak dokiman yo nèt epi w pa ranpli aplikasyon sa a konplètman, sa VA fè nou bay aplikasyon ou lan refi. Ou pap kapab bay lòt enfòmasyon anplis apre nou fin travay sou aplikasyon an pou w ka chanje desizyon nou te pran sou kalifikasyon ou dapre enfòmasyon ki nan aplikasyon orjinal la ak dokiman ou te bay yo.\*\*\*

## **D** KLARIFIKASYON SOU TOUT KAY LA TANPRI METE NON TOUT MOUN KI TE ABITE NAN KAY LA ANSANM AK PARAN A PANDAN ANE 2007 LA:

TANPRI EKRI AN LÈT DETACHE					
NON	Kisa w ye pou Paran A	Laj	Èske w te ranpli yon taks sou revni federal (income tax) pou ane 2007 la? (tcheke youn)	Revni Total an 2007	Depi konbyen tan moun sa a abite ak PARAN A?
			<input type="checkbox"/> RANPLI / <input type="checkbox"/> PA RANPLI		
			<input type="checkbox"/> RANPLI / <input type="checkbox"/> PA RANPLI		
			<input type="checkbox"/> RANPLI / <input type="checkbox"/> PA RANPLI		
			<input type="checkbox"/> RANPLI / <input type="checkbox"/> PA RANPLI		
			<input type="checkbox"/> RANPLI / <input type="checkbox"/> PA RANPLI		
			<input type="checkbox"/> RANPLI / <input type="checkbox"/> PA RANPLI		
			<input type="checkbox"/> RANPLI / <input type="checkbox"/> PA RANPLI		

Tanpri bay papye taks sou revni pou ane 2007 la pou moun ki gen non yo anwo a (Fòm 1040 Taks Federal, Revni Sekirite Sosyal, eksetera.) Ekri non tout lòt moun anplis ki abite avèk ou sou yon lòt fèy papye apa, si l nesèsè. Si gen nenpòt moun ki demenaje oswa si gen yon chanjman, ou kapab esplike sa sou yon fèy papye apa.

**Li pran 4 a 6 semenn pou nou travay sou yon aplikasyon ki fin ranpli nèt. Ou kapab tcheke sou entènèt la nan [www.psas.org](http://www.psas.org) oswa rele 800-664-1530.**

**Kenbe yon kopi aplikasyon ou te ranpli a ansanm ak kopi tout dokiman yo.**

Ekri non moun lan, an lèt detache

**ENPÒTAN:** Mete enfòmasyon yo mande a nan espas vid yo toupatou nan fòm sa a; mete "pa gen rapò" oswa 0 si gen eleman ki pa gen rapò ak sityasyon pa w la. Pa kite okenn espas vid.

**E REVNI** (METE TOUT REVNI POU ANE 2007 LA POU TOUT MOUN KI ABITE LAKAY OU YO)

SOUS REVNI YO	Paran/Moun ki responsab elèv A	Paran/Moun ki responsab elèv B	Timoun ak Lòt Granmoun
Tanpri bay montan <b>CHAK ANE</b> yo sèlman pou sous kote revni soti yo ki gen rapò yo. Ekri "pa gen rapò" oswa 0 si w pa resevwa yo.			
1. Revni Adjiste Anvan Taks Bay yon kopi taks sou revni w pou ane 2007 la pou w ka bay verifikasyon sou revni sa a.			
2. Benefis Sekirite Sosyal, SSI, ak/oswa Dezabilite Veye yon kopi lèt/rapò fen ane ki fè w konnen ou gen revni an pou w ka bay verifikasyon sou revni sa a.			
3. Wèlfè/Asistans ak Lajan Kach (TANF) Bay yon kopi lèt/rapò fen ane ki fè w konnen ou gen revni an pou w ka bay verifikasyon sou revni sa a.			
4. Sipò pou Timoun Bay kopi dokiman sou revni sa a ou te resevwa an 2007 la. Si se eta kote w rete a ki te peye l. Wap jwenn li nan biwo Grefye Tribinal nan Konte kote w rete a.			
5. Kire Pawas (lojman lidè relijye peye) Bay kopi dokiman yo.			
6. Lòt Bay kopi dokiman yo.			

**ANVAN OU KONTINYE:** Ou dwe sèten ou mete kopi dokiman ou genyen sou tout revni w epi ekri Nimewo Sekirite Sosyal Paran/Moun ki responsab elèv A (nimewo kòd fanmi an) sou tout kopi ou yo. **Si w pa fin konplete etap sa a nèt, sa kapab fè dokiman ou yo pa mache ak aplikasyon ou lan, epi sa kapab fè lakay ou pa kalifye pou yon bousdetid.**

**F RESOUS FINANSYÈ ANPLIS** (Ekri montan ou itilize kòm depans pou viv pou ane 2007 la.)

- Kado nan men fanmi ak/oswa zanmi nan ane 2007 la \$ \_\_\_\_\_
- Anpren nan men fanmi ak/oswa zanmi nan ane 2007 la \$ \_\_\_\_\_
- Montan anpren sou valè kay la ou te itilize nan ane 2007 la pou depans pou viv chak jou \$ \_\_\_\_\_
- Kont ekonomi ak envestisman pèsònèl ou te itilize nan ane 2007 la \$ \_\_\_\_\_
- Ogmantasyon nan dèt sou kat kredi nan ane 2007 la \$ \_\_\_\_\_
- Asistans piblik (asistans ak lajan kach, kupon pou achte manje, eksestera.) \$ \_\_\_\_\_
- Lòt revni oswa esplikasyon sou kouman ou te siviv ak depans chak jou nan ane 2007 la (tanpri, esplike) \$ \_\_\_\_\_

**G ENFÒMASYON SOU LOJMAN** (Montan pou ane 2007 la)

1. Èske w lwe oswa w posede kay kote w rete a?  Lwe  Posede  
 Lòt bagay, esplike \_\_\_\_\_
2. Ki montan ou peye ANTOU pa mwa pou lojman? \$ \_\_\_\_\_ pa mwa
3. Kantite PARAN/MOUN KI RESPONSAB ELÈV A ak B a peye? \$ \_\_\_\_\_ pa mwa
4. Montan lòt moun ki abite nan kay la peye? \$ \_\_\_\_\_ pa mwa
5. Montan moun deyò peye? (asistans regilye pa mwa nan men fanmi oswa zanmi ki pa abite nan kay la) \$ \_\_\_\_\_ pa mwa
6. Montan ajans ki bay asistans pou lojman peye? (HUD, Seksyon 8, eksestera ~ dwe bay dokiman sou peman ou te resevwa nan ane 2007 la) \$ \_\_\_\_\_ pa mwa

\*\*\* Aplikasyon sa a se SÈL chans ou genyen pou w esplike sityasyon tout moun lakay ou yo. Tanpri itilize yon fèy papye anplis, si l nesèsè, pou w ban nou TOUT enfòmasyon nou bezwen pou nou detèminen kalifikasyon ou. Ou dwe devwale tout enfòmasyon yo KOULYEYA. Si w pa bay tout enfòmasyon ak dokiman yo nèt epi w pa ranpli aplikasyon sa a konplètman, sa VA fè nou bay aplikasyon ou lan refi. Ou pap kapab bay lòt enfòmasyon anplis apre nou fin travay sou aplikasyon an pou w ka chanje desizyon nou te pran sou kalifikasyon ou dapre enfòmasyon ki nan aplikasyon orjinal la ak dokiman ou te bay yo.\*\*\*

**H TIMOUN OU PA METE SOU TAKS SOU REVNI** (Si w te mete pitit ou (yo) sou taks sou revni w, lè sa a, ou pa bezwen ranpli seksyon sa a.)

1. Èske w te mete pitit ou yo sou taks sou revni w?  Wi. Kontinye nan Seksyon I  Non. Kontinye ak Kesyon 2.
2. Kiyès ki te mete chak timoun nan kay la kòm yon depandan pou taks an 2007 si Paran A oswa B pat mete yo?
 


\* Ou dwe veye tout fòm taks sou revni pou ane 2007 la ki montre ki timoun yo mete kòm depandan, pou moun ki abite nan kay la.  
\*\* Si pa gen PÈSONN ki mete timoun lan (yo) sou yon taks sou revni pou ane 2007 la, bay papye ki demontre ki moun ki gade timoun la (yo). Papye ki demontre ki moun ki gade timoun lan kapab yon papye divòs oswa lòt papye tribinal ki montre ak kiyès timoun lan abite.

**INFÒMASYON SOU ELÈV LA** (RANPLI SÈLMAN POU ELÈV OU VLE YON BOUSDETID POU YO A)

Dapre lalwa, NOUVO elèv kap rantr nan klas 2yèm a 12yèm ane fèt pou te nan yon lekòl piblik nan FLORIDA pandan tout ane lekòl 2007-2008 la pou yo kapab kalifye.

**Elèv A -**

1. Non: \_\_\_\_\_  
 Siyati \_\_\_\_\_ Prenon \_\_\_\_\_ Inisyal dezyèm prenon \_\_\_\_\_

2. #SS elèv la: \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_  
 Nimewo Sekirite Sosyal

3. Dat nesans elèv la (MM/JJ/AA): \_\_\_\_\_  
 (Pou kalifye pou ane 2008-2009 la, elèv la dwe gen ant 5 an ak 22 an anvan oswa 1ye septanm 2008. Dapre lalwa, elèv ki gen 4 an epi sa ki pi piti yo oswa elèv ki gen 23 an epi sa ki pi gran yo pa kalifye pou bousdetid la.)

9. Kisa elèv la ye pou **Paran/Moun ki responsab elèv A:**  
 Pitit/Bofis/Bèlfi  
 Pititpiti  
 Nyès/Neve  
 Lòt(Esplike): \_\_\_\_\_

4. Klas elèv la pral rantr **ladan** nan mwadout 2008 la: \_\_\_\_\_  
 (Dapre lalwa, elèv la dwe ap rantr nan Jadendanfan jiska klas 12yèm pou l kalifye pou bousdetid sa a.)

10. Ras (Ochwa):  
 Azyatik  Nwa  
 Panyòl  Blan  
 Miltirasyal  Pap di ki ras  
 Lòt ras: \_\_\_\_\_

5. Non lekòl elèv la **te ale pandan** ane lekòl 2007-2008 la: \_\_\_\_\_  
 (PA lekòl ou ta renmen ale ladan nan ane 2008-2009 la.)

11. Kalite elèv la:  Renouvèlman  Elèv yap ajoute  Nouvo

6. Konte kote lekòl (ou te ale nan ane 2007-2008 la) ye a: \_\_\_\_\_

7. Kalite lekòl (ou te ale nan ane 2007-2008 la):  Piblik  Prive  
 Charter  Pa gen rapò  
 Lekòl adomisil

8. Elèv fi oswa gason:  Gason  Fi

Montan lajan maksimòm yo bay pou bousdetid la se \$3,750, OSWA pou Ekolaj ak Liv (kèlkeswa sa ki pi piti a) pa elèv, pa ane.

**Elèv B -**

1. Non: \_\_\_\_\_  
 Siyati \_\_\_\_\_ Prenon \_\_\_\_\_ Inisyal dezyèm prenon \_\_\_\_\_

2. #SS elèv la: \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_  
 Nimewo Sekirite Sosyal

3. Dat nesans elèv la (MM/JJ/AA): \_\_\_\_\_  
 (Pou kalifye pou ane 2008-2009 la, elèv la dwe gen ant 5 an ak 22 an anvan oswa 1ye septanm 2008. Dapre lalwa, elèv ki gen 4 an epi sa ki pi piti yo oswa elèv ki gen 23 an epi sa ki pi gran yo pa kalifye pou bousdetid la.)

9. Kisa elèv la ye pou **Paran/Moun ki responsab elèv A:**  
 Pitit/Bofis/Bèlfi  
 Pititpiti  
 Nyès/Neve  
 Lòt(Esplike): \_\_\_\_\_

4. Klas elèv la pral rantr **ladan** nan mwadout 2008 la: \_\_\_\_\_  
 (Dapre lalwa, elèv la dwe ap rantr nan Jadendanfan jiska klas 12yèm pou l kalifye pou bousdetid sa a.)

10. Ras (Ochwa):  
 Azyatik  Nwa  
 Panyòl  Blan  
 Miltirasyal  Pap di ki ras  
 Lòt ras: \_\_\_\_\_

5. Non lekòl elèv la **te ale pandan** ane lekòl 2007-2008 la: \_\_\_\_\_  
 (PA lekòl ou ta renmen ale ladan nan ane 2008-2009 la.)

11. Kalite elèv la:  Renouvèlman  Elèv yap ajoute  Nouvo

6. Konte kote lekòl (ou te ale nan ane 2007-2008 la) ye a: \_\_\_\_\_

7. Kalite lekòl (ou te ale nan ane 2007-2008 la):  Piblik  Prive  
 Charter  Pa gen rapò  
 Lekòl adomisil

8. Elèv fi oswa gason:  Gason  Fi

Montan lajan maksimòm yo bay pou bousdetid la se \$3,750, OSWA pou Ekolaj ak Liv (kèlkeswa sa ki pi piti a) pa elèv, pa ane.

**Elèv C -**

1. Non: \_\_\_\_\_  
 Siyati \_\_\_\_\_ Prenon \_\_\_\_\_ Inisyal dezyèm prenon \_\_\_\_\_

2. #SS elèv la: \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_  
 Nimewo Sekirite Sosyal

3. Dat nesans elèv la (MM/JJ/AA): \_\_\_\_\_  
 (Pou kalifye pou ane 2008-2009 la, elèv la dwe gen ant 5 an ak 22 an anvan oswa 1ye septanm 2008. Dapre lalwa, elèv ki gen 4 an epi sa ki pi piti yo oswa elèv ki gen 23 an epi sa ki pi gran yo pa kalifye pou bousdetid la.)

9. Kisa elèv la ye pou **Paran/Moun ki responsab elèv A:**  
 Pitit/Bofis/Bèlfi  
 Pititpiti  
 Nyès/Neve  
 Lòt(Esplike): \_\_\_\_\_

4. Klas elèv la pral rantr **ladan** nan mwadout 2008 la: \_\_\_\_\_  
 (Dapre lalwa, elèv la dwe ap rantr nan Jadendanfan jiska klas 12yèm pou l kalifye pou bousdetid sa a.)

10. Ras (Ochwa):  
 Azyatik  Nwa  
 Panyòl  Blan  
 Miltirasyal  Pap di ki ras  
 Lòt ras: \_\_\_\_\_

5. Non lekòl elèv la **te ale pandan** ane lekòl 2007-2008 la: \_\_\_\_\_  
 (PA lekòl ou ta renmen ale ladan nan ane 2008-2009 la.)

11. Kalite elèv la:  Renouvèlman  Elèv yap ajoute  Nouvo

6. Konte kote lekòl (ou te ale nan ane 2007-2008 la) ye a: \_\_\_\_\_

7. Kalite lekòl (ou te ale nan ane 2007-2008 la):  Piblik  Prive  
 Charter  Pa gen rapò  
 Lekòl adomisil

8. Elèv fi oswa gason:  Gason  Fi

Montan lajan maksimòm yo bay pou bousdetid la se \$3,750, OSWA pou Ekolaj ak Liv (kèlkeswa sa ki pi piti a) pa elèv, pa ane.

Dapre lalwa, NOUVO elèv kap rantr nan klas 2yèm-12yèm ane fèt pou te nan yon lekòl piblik nan FLORIDA pandan tout ane lekòl 2007-2008 la pou yo kapab kalifye.

Ekri non moun lan, an lèt detache

**J ESPLIKASYON****Itilize yon fèy papye apa pou esplike nenpòt repons oswa pou bay nenpòt ak TOUT enfòmasyon ki kapab ede nou detèminen kalifikasyon ou.**

\*\*\* Aplikasyon sa a se SÈL chans ou genyen pou w esplike sitiyou tout moun lakay ou yo. Tanpri itilize yon fèy papye anplis, si l nesèsè, pou w ban nou TOUT enfòmasyon nou bezwen pou nou detèminen kalifikasyon ou. Ou dwe devwale tout enfòmasyon yo KOULYEYA. Si w pa bay tout enfòmasyon ak dokiman yo nèt epi w pa ranpli aplikasyon sa a konplètman, sa VA fè nou bay aplikasyon ou lan refi. Ou pap kapab bay lòt enfòmasyon anplis apre nou fin travay sou aplikasyon an pou w ka chanje desizyon nou te pran sou kalifikasyon ou dapre enfòmasyon ki nan aplikasyon orjinal la ak dokiman ou te bay yo.\*\*\*

**K DEKLARASYON SOU SÈMAN POU IRS POU MOUN KI PAT RANPLI TAKS**

Èske tout granmoun ki abite lakay ou yo tre ranpli taks oswa te depandan yon moun sou yon taks sou revni federal?  Wi. Pa ranpli seksyon sa a.

Non. Ranpli Seksyon K pou tout granmoun ki pat ranpli yon taks sou revni federal.

ATANSYON: Nap aksepte deklarasyon sou sèman sa a kòm yon dokiman ki fè konnen ou pat ranpli yon taks sou revni. Men, nou kapab EGZIJÈ pou w bay dokiman ki verifye deklarasyon ki di Ou Pat Ranpli taks sou revni pita nan ane sa a. TOUT granmoun, ki Pat Ranpli taks epi ki pa depandan yon moun nan yon taks sou revni ou ban nou, fèt pou ranpli seksyon sa a.

SOU PÈN FO TEMWAYAJ, MWEN DEKLARE SOU SÈMAN MWEN PAT RANPLI TAKS SOU REVNI POU ANE 2007 LA EPI MWEN KONPRANN FÒM SA AP SÈVI KÒM VERIFIKASYON PASKE MWEN PAT RANPLI TAKS LA. EPITOÙ, MWEN DEKLARE SOU SÈMAN TOUT DEKLARASYON MWEN FÈ NAN FÒM SA A SE LAVERITE EPI YO KONPLÈ.

Mwen, \_\_\_\_\_ pat ranpli yon taks sou revni pou rezon sa a (tcheke youn):  
(Non)

Mwen pat resevwa revni pou mwen peye taks sou li.

Revni mwen te resevwa pou mwen peye taks sou li a te mwens pase kantite lajan IRS egzije pou ranpli taks la.

Lòt rezon, (esplike) \_\_\_\_\_

Li PAT egzijib pou mwen ranpli yon fòm taks sou revni federal pou ane 2007 la. Olyede yon taks sou revni, mwen tre ranpli avi sa a epi mwen te tache li ak tout dokiman sou revni yo.

Siyati moun ki Pat Ranpli Taks la - Kisa li ye pou PARAN/MOUN KI RESPONSAB ELÈV A/B

**REMAK: Nenpòt fo deklarasyon se yon ofans kriminel.**

**L SETIFIKASYON SIYATI A (YO) (PA KITE L VID)**

Li deklarasyon sa yo, siyen aplikasyon sa a epi voye l tounen ak kopi tout dokiman nou bezwen yo bay:

PSAS/Carrie Meek Scholarship Application, P.O. Box 458025, Westlake, Ohio 44145

- ▶ Mwen sètifye enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon sa a ansanm ak tout dokiman ki sipòte aplikasyon an se laverite, yo kòrèk epi yo konplè dapre sa mwen konnen. Mwen konprann si mwen bay enfòmasyon ki pa laverite oswa si mwen kenbe enfòmasyon epi pitit mwen (yo) resevwa yon bousdetid yo pa kalifye pou li, yo kapab pini mwen legalman pou fwòd epi sa va fè yo refize ban mwen oswa yo ka revoke bousdetid la.
- ▶ Lè mwen fè aplikasyon pou yon bousdetid, mwen dakò pou mwen respekte epi mwen aksepte desizyon sou kalifikasyon PSAS ak Carrie Meek pran yo.
- ▶ Mwen konprann yo pral verifye enfòmasyon mwen bay la, ki vle di yo va matche l ak dosye ki genyen nan òdinatè, yo va chèche nan dosye piblik, nan relve IRS epi yo kapab egzije pou mwen bay lòt enfòmasyon ak/oswa lòt dokiman.
- ▶ Mwen bay otorizasyon pou yo devwale enfòmasyon pèsonèl, finansyè ak edikatif mwen pou yo kapab detèminen kalifikasyon mwen ak pou rechèch.
- ▶ Mwen konprann Carrie Meek pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, si w se fanm oswa gason, enfimite, relijyon, nasyonalite oswa kwayans politik.
- ▶ Mwen bay PSAS ak Carrie Meek otorizasyon pou yo mete fòm sa a disponib pou ajans apwopriye ki genyen nan eta kote mwen rete a menm jan lalwa ki kontwole bousdetid yo egzije a. Mwen bay otorizasyon pou fòm sa a ak tout dokiman ki tache ak fòm nan tounen al jwenn Carrie Meek
- ▶ Mwen dakò pou mwen swiv tout règleman ak responsablite yo menm jan yo aplike a pwogram lan, menm jan yo etabli nan Liv Esplikasyon pou Paran, ki disponib sou entènèt la nan [www.carriemeekscholarship.org](http://www.carriemeekscholarship.org).
- ▶ Mwen konprann pitit mwen (yo) dwe pran yon egzamen let a vie rekonèt epi ki apwouve nan nivo nasyonal.
- ▶ Mwen konprann si yo deside mwen kalifye epi yo ban mwen yon bousdetid pou ane 2008/2009 la, mwen pa kalifye otomatikman pou yon bousdetid pou ane swivan yo.
- ▶ Mwen konprann mwen gen yon responsablite pou mwen refè yon aplikasyon ak pou mwen prezante dokiman ki pwouve kalifikasyon mwen chak ane si mwen aksepte yon bousdetid.
- ▶ Mwen konprann si mwen enskri pitit mwen nan yon lekòl prive anvan mwen resevwa yon Lèt ki Fè Konnen Mwen Gen yon Bousdetid ak Fòm Pwomès Lekòl (SCF), map responsab pou mwen peye ekolaj la epi pitit mwen (yo) kapab pa kalifye pou fon pou bousdetid nan lavni. Mwen konprann fon yo pa garanti.

Siyati Paran/Moun ki responsab elèv A

Siyati Paran/Moun ki responsab elèv B

Dat

**PSAS/Carrie Meek Scholarship Application, P.O. Box 458025, Westlake, Ohio 44145**

**Dwadotè ©2008 Sèvis ki Bay Asistans pou Lekòl Prive**

**Pou tcheke nan ki pwen aplikasyon ou lan ye (4 a 6 semenn apre w te voye l pa lapòs), ale nan [www.psas.org](http://www.psas.org) oswa rele 800-664-1530. Kenbe yon kopi aplikasyon ou te ranpli a ansanm ak kopi tout dokiman yo.**

## FÈY POU VERIFIKASYON DOKIMAN YO

### ERÈ MOUN KAP FÈ APLIKASYON YO FÈ PI SOUVAN SE VOYE YON APLIKASYON KI PA KONPLÈ. POU YON APLIKASYON KONPLÈ, LI DWE GEN LADAN:

- POU TOUT MOUN LAKAY OU KI TE RANPLI YON TAKS SOU REVNI FEDERAL POU ANE 2007 LA, OU DWE BAY DOKIMAN SA YO:  
Pou taks sou revni federal ou te prepare poukont ou pou ane 2007 la, ou dwe prezante yon relve taks sou revni w ansanm ak aplikasyon ou lan (ou kapab kontakte IRS nan 1-800-829-1040 oswa [www.irs.gov](http://www.irs.gov)). Nou PA aksepte papye taks ou prepare poukont ou san ou pa voye yon relve.  
Pou papye taks federal yon pwofesyonèl prepare pou ane 2007 la, ou dwe bay kopi ki siyen yo ansanm ak tout fòm anplis yo ki vini ak papye taks federal ou yo pou ane 2007 la.
- Dokiman ki montre MONTAN LAJAN ANTOU ou te resevwa pou ane 2007 la pou tout revni yo pa pran taks sou yo (gade nan ESPLIKASYON yo pou w ka jwenn egzijans espesifik yo).
- Pou chak elèv kap rantrè nan klas 1ye-12èm ane, yo egzije yon kanè lekòl ki montre omwen twa peryòd, youn apre lòt, kote yo te bay elèv nòt nan kanè yo (ladan li dwe genyen 1ye peryòd yo te bay kanè a).
- Pou chak elèv kap rantrè nan Jadendanfan, yo egzije yon kopi batistè yo.
- Yon frè \$30.00 ki pa ranbousab pou aplikasyon an, pou chak kay, ki dwe peye ak chèk, money order oswa lajan kach. Fè chèk la ak/oswa money order yo peyab sou non PRIVATE SCHOOL AID SERVICE (PSAS).

#### **BAGAY KI ENPÒTAN POU SONJE:**

- ✓ Wap bezwen tenm anplis pou voye aplikasyon sa a pa lapòs.
- ✓ Pa voye okenn dokiman orijinal. Nou pa voye dokiman tounen.
- ✓ Kenbe yon kopi aplikasyon ou fin ranpli a ansanm ak kopi tout dokiman yo nan dosye ou yo.

### **Si w pa voye atik ki anwo a yo ak nenpòt dokiman anplis nou mande yo ansanm ak aplikasyon sa a, lakay ou kapab pa kalifye pou yon bousdetid.**

Aplikasyon pou renouvèlman yo dwe gen so lapòs sou yo ki date pa pita pase **1ye me 2008**.  
Nou kapab pa bay asistans pou aplikasyon pou renouvèlman ki gen so lapòs ki date apre **1ye me 2008**.

## DOKIMAN KI EGZIJIB YO

Nou egzije dokiman sou ki moun ki gen gad timoun pou chak timoun ki nan kay la: Dokiman ki akseptab kòm dokiman sou moun ki gen gad timoun: yon papye taks federal pou ane 2007 la pou oumenm, oswa yon lòt moun nan kay la, ki gen non timoun lan (yo) ladan; rapò sou kupon pou achte manje/TANF/eksetera pou 2007 la ki gen non tout moun nan kay la ladan, menm non timoun lan (yo) tou; rapò SSI/dezabilite pou ane 2007 la pou timoun lan (yo) ki montre oumenm antanke moun ki responsab la; oswa yon papye tribinal (pa egzanp, papye divòs) ki montre se oumenm ki gen gad prensipal timoun lan (yo).

**Si w te bay yon papye taks federal 1040 ou te prepare poukont ou pou ane 2007 la:** ou dwe bay papye taks yo nan IRS bonè epi mande yon relve papye taks ou pou w prezante ansanm ak aplikasyon ou lan (ou kapab kontakte IRS nan 1-800-829-1040 oswa [www.irs.gov](http://www.irs.gov)). Nou PA aksepte papye taks ou prepare poukont ou.

**Si w te bay yon papye taks federal 1040 yon pwofesyonèl te prepare pou w pou ane 2007 la:** ou dwe bay fotokopi tout paj papye taks federal Fòm1040, 1040A, oswa 1040EZ pou ane 2007 la (menm jan ou te depoze yo nan IRS la, ansanm ak tout fòm anplis yo) pou tout moun lakay ou. Moun ki voye papye taks la bay IRS la FÈT POU SIYEN CHAK PAPYE TAKS. Nan kèk sikonstans nou kapab egzije relve IRS yo.

**Si w pat depoze yon papye taks federal 1040 pou ane 2007 la:** Ranpli Section K. Nou pral egzije pou tout moun ki rete nan kay la voye fotokopi tout dokiman ou te resevwa pou revni pandan ane 2007 la ki montre MONTAN REVNI TOTAL POU ANE a.

Si w patko ranpli yon papye taks paske w te mande yon ekstansyon, tanpri ranpli pi vit posib. Nou pa aksepte ekstansyon. Si w pa prezante yon papye taks federal pou ane 2007 la, sa va fè lakay ou pa kalifye pou yon bousdetid.

## ESPLIKASYON

### **A & B** PARAN OSWA MOUN KI RESPONSAB ELÈV

Se paran oswa moun ki responsab elèv la, epi ki gen elèv la (yo) ki abite nan menm kay avèk li a ki dwe ranpli aplikasyon pou bousdetid sa a. Si paran/moun ki responsab elèv la divòse oswa separe, se sèl moun ki gen gad rezidansyèl prensipal la ki dwe ranpli fòm lan. Ekri nimewo sekirite sosyal Paran/Moun ki responsab elèv A (nimewo kòd fanmi an) sou chak paj aplikasyon an, sou tout lòt dokiman ki ale ansanm ak aplikasyon an, epi sou nenpòt dokiman anplis ou te voye apre w te fin depoze aplikasyon orijinal la.

Reponn *tout kesyon yo* pou toulede paran/moun ki responsab elèv ki abite menm kote ak elèv ki gen non l nan Seksyon l an. **Pa kite okenn kesyon san repons.** Si Paran/ Moun ki responsab elèv A divòse epi li remarye, bay tout enfòmasyon sou paran ki gen gad elèv la ak nouvo mari/madanm lan antanke Paran/Moun ki responsab elèv A ak B a.

**Yap egzije Paran/Moun ki responsab elèv A a pou l siyen chak chèk pou bousdetid la.**

### **C** ENFÒMASYON SOU TOUT KAY LA

**ATIK 1:** Mete kantite moun antou ki rete nan kay la, mete paran/moun ki responsab elèv yo, timoun yo ak tout lòt moun yo tou. Pa mete timoun ki kite kay la.

**ATIK 2:** Tanpri idantifye lang prensipal yo pale lakay ou.

**ATIK 3:** Tcheke tout sa ki gen rapò yo si paran yo/moun ki responsab elèv la selibatè, divòse, oswa separe, reponn kesyon 4 jiska 8.

Pou paran/moun ki reponsab elèv yo sèlman: Li EGZIJIB pou bay dokiman ki verifye yon adrès apa. Dokiman nou aksepte pou madanm/mari ki separe se swa yon bil limyè/telefon ki gen dat 2007 sou li epi ki montre yon adrès apa, yon papye tribinal ki gen yon adrès diferan ladan, oswa yon relve taks federal fòm 1040 pou ane 2007 ki gen yon adrès diferan ladan. Si Paran/Moun ki responsab elèv A pa kapab bay dokiman ki nan paragraf anwo a yo, nou pap kapab detèminen kalifikasyon kay la epi nou pap kapab bay okenn bousdetid - tanpri panse a sa lè wap fè aplikasyon an.

## D KLARIFIKASYON SOU TOUT KAY LA

Ekri non tout moun ki te abite nan kay la pandan ane 2007 la. Idantifye kisa moun lan ye pou paran an, laj moun lan, tcheke si yo te ranpli oswa si yo pat ranpli taks pou ane 2007 la, ekri kantite revni total yo epi depi konbyen tan yo abite nan kay la. Ou fèt pou bay dokiman sou revni pou ane 2007 la pou chak moun nan kay la ki resevwa yon revni pou travay.

## E REVNI

Pou ranpli Kondisyon ki Genyen sou Revni pou Bousdetid Carrie Meek la, montan revni tout moun lakay ou dwe egal a oswa pi pitit pase kantite lajan yo montre pou kantite moun ki gen lakay ou a. Pou Nouvo kay ak kay kap ajoute elèv epi ki pi plis pase 8 moun ladan, ajoute \$6,660 pou chak moun anplis nan kay la; pou kay kap Renouvele yo ki pi plis pase 8 moun ladan, ajoute \$7,200 pou chak moun anplis ki nan kay la.

Apatide 1ye jiyè 2008 jiska

30 jen 2009.

Kantite moun ki gen nan kay la	Revni pou nouvo kay ak pou kay kap ajoute elèv	Revni pou kay kap renouvele
2	\$25,900	\$28,000
3	\$32,560	\$35,200
4	\$39,220	\$42,400
5	\$45,880	\$49,600
6	\$52,540	\$56,800
7	\$59,200	\$64,000
8	\$65,860	\$71,200

**ATIK 1:** Mete salè total ajiste anvan taks menm jan ou te rapòte sou Fòm 1040, 1040A or 1040EZ IRS pou ane 2007 la. Mete tout paj fòm taks ki apwopriye a (1040, 1040A, 1040EZ) kòm dokiman pou chak moun ki abite nan kay la.

**ATIK 2:** Mete montan Benefis Sekirite Sosyal, SSI, ak/oswa revni Dezabilite ou te resevwa antou pou ane 2007 la. Mete lèt/rapò ofisyèl pou fen ane ki fè w konnen ou gen benefis yo epi ki verifye kantite ou te resevwa antou pou chak kalite revni pou chak moun ki abite nan kay la.

**ATIK 3:** Mete kantite Wèlfè/Asistans Lajan Kach (TANF) ou te resevwa antou pandan ane 2007 la. Mete lèt/rapò ofisyèl yo voye ba w nan fen ane a pou fè w konnen ou gen benefis yo epi ki verifye kantite ou te resevwa antou pou chak moun ki abite nan kay la.

**ATIK 4:** Mete montan Sipò pou Timoun antou ou te resevwa pandan ane 2007 la. Mete dokiman ki verifye montan total ou te resevwa pou chak moun ki abite nan kay la. Yon kopi lòd tribinal oswa chèk ou te resevwa a pa akseptab. Si total ou te resevwa a diferan de montan lòd tribinal la, mete total ou te resevwa a sèlman.

**ATIK 5:** Mete montan total Kire Pawas (lojman lidè relijye peye) bay pandan ane 2007 la pou chak moun ki abite nan kay la.

**ATIK 6:** Mete montan total lòt revni ou te resevwa pou ane 2007, men ou pat mete deja nan lis pou chak moun ki abite nan kay la. Mete dokiman yo oswa yon espikasyon alekri pou tout montan yo.

## F RESOUS FINANSYÈ ANPLIS

Tcheke tout sous ki aplikab yo. Ekri montan total ou te resevwa pou ane 2007 la depi janvyè jiska desanm (pa montan chak mwa yo). Ou dwe bay rapò yo ba w pou fen ane a pou atik sa yo: Asistans Piblik (asistans lajan kach ekseptera), Nenpòt prè' oswa Sibvansyon pou Elèv ou te resevwa pou edikasyon kontinye pou PARAN an.

## G ENFÒMASYON SOU LOJMAN

**ATIK 2:** Ekri montan total yo peye pa mwa, mete nenpòt asistans ou te resevwa ak montan ou peye a, gade egzanp lan.

**ATIK 3 ak 4:** Ekri montan oumenm ak lòt moun ki abite lakay ou peye, gade egzanp lan.

**ATIK 5:** Ekri montan pasyèl lòt sous peye kòm asistans ak peman pou lojman ou, gade egzanp lan.

Pou tcheke nan ki pwen aplikasyon ou lan ye (4 a 6 semenn apre w te voye l pa lapòs), ale nan [www.psas.org](http://www.psas.org) oswa rele 800-664-1530.

**Kenbe yon kopi aplikasyon ou te ranpli a ansanm ak kopi tout dokiman yo.**

Egzanp:  
Si w lwe kay:

2. Ki montan ou peye antou pa mwa pou lojman? \$ 800 pa mwa
3. Montan Paran/Moun ki responsab elèv A ak B a peye \$ 150 pa mwa
4. Montan lòt moun ki abite nan kay la peye \$ 650 pa mwa nan men fanmi
5. Montan moun deyò peye \$ 150 pa mwa nan men zanmi
6. Montan ajans ki bay asistans pou lojman peye \$ 650 pa mwa nan men HUD

\*\*\*Aplikasyon sa a se SÈL chans ou genyen pou w esplike sou sityasyon tout moun lakay ou. Tanpri itilize yon fèy papye anplis, si l nesesè, pou w ban nou TOUT enfòmasyon nou bezwen pou nou detèminen kalifikasyon ou. Ou dwe devwale tout enfòmasyon yo KOULYEYA. Si w pa bay tout enfòmasyon ak dokiman yo nèt epi w pa ranpli aplikasyon sa a konplètman, sa VA fè nou bay aplikasyon ou lan refi. Ou pap kapab bay enfòmasyon anplis apre nou fin travay sou aplikasyon an pou w ka chanje desizyon nou te pran sou kalifikasyon ou dapre enfòmasyon ki nan aplikasyon orijinal la ak dokiman ou te bay yo.\*\*\*

## H TIMOUN OU PA METE SOU TAKS SOU REVNI

Si yon moun lakay ou mete timoun lan (yo) sou taks yo, ou pa bezwen ranpli seksyon sa a. Idantifye moun ki mete timoun lan (yo) sou papye taks yo pou ane 2007 la. Bay tout dokiman ki apwopriye yo, swa papye taks pou ane 2007 la, oswa yon lòt kalite dokiman pou gad timoun ki verifye ki kote timoun lan rete tout tan, menm jan yo mande a.

## I ENFÒMASYON SOU MOUN /ELÈV KAP FÈ APLIKASYON AN

Si wap fè aplikasyon pou plis pase twa (3) elèv, fè yon kopi Seksyon I anvan ou ranpli fòm lan epi mete fèy papye anplis sa a nan aplikasyon an. Ou fèt pou ekri nimewo sekirite sosyal Paran/Moun ki responsab elèv A sou paj anplis la.

Tanpri ekri non tout elèv kap fè aplikasyon pou bousdetid. Pou w kapab kalifye pou ane 2008-2009 la, elèv la dwe gen ant 5 an a 22 an anvan oswa le 1ye septanm 2008 menm. Dapre lalwa, elèv ki gen 4 an ak sa ki pi piti oswa elèv ki gen 23 an ak sa ki pi gran pa kalifye pou bousdetid.

Dapre lalwa, NOUVO elèv kap rantrè nan klas 2yèm-12yèm ane fèt pou te nan yon lekòl piblik nan FLORIDA pandan tout ane lekòl 2007-2008 la pou yo kapab kalifye.

**Reponn oswa tcheke TOUT kesyon yo. Si w kite kesyon yo vid, sa kapab retade pwosesis aplikasyon an epi sa kapab fè lakay ou pa kalifye pou bousdetid.**

Si elèv la ap rantrè nan Jadendanfan, yo egzije yon kopi batistè li.

Si elèv la ap rantrè nan klas 1ye jiska 12yèm ane, yo egzije yon kanè lekòl ki montre omwen twa peryòd, youn apre lòt, kote yo te bay elèv nòt nan kanè yo (ladan li dwe genyen 1ye peryòd yo te bay kanè a).

Si lekòl elèv ou a pa bay kanè, bay (pou chak elèv) batistè yo, 3 rapò lekòl la bay sou pwogrè elèv la, youn apre lòt, ak yon lèt lekòl la ki fè konnen depi konbyen tan pitiit ou pral nan lekòl la ak nan ki klas li ye koulye pou ane lekòl 2007-2008 la. Yon administrè nan lekòl la dwe siyen lèt sa a epi li dwe ekri sou antèt lekòl la.

## J ESPLIKASYON

Itilize yon fèy papye apa pou esplike nenpòt repons oswa pou bay nenpòt ak TOUT enfòmasyon ki kapab ede nou detèminen kalifikasyon ou.

## K DEKLARASYON SOU SÈMAN POU IRS POU MOUN KI PAT RANPLI TAKS

Tout moun ki abite nan kay la, ki pat ranpli taks, dwe ranpli seksyon sa a. Ou kapab fè kopi epi ranpli si gen plis pase yon sèl moun ki "pat ranpli taks".

## L SIYATI POU SETIFIKASYON(YO)

Ou dwe siyen aplikasyon an nan seksyon sa a. Siyati w bay PSAS otorizasyon pou devwale aplikasyon an ansanm ak dokiman nou egzije yo bay òganizasyon ki gen kontra ak PSAS yo. Lè w siyen aplikasyon an, ou sètifye tout enfòmasyon ou bay la se laverite, li kòrèk, epi li konplè. Aplikasyon sa a PA KAPAB fin fèt nèt san siyati apwopriye a (yo) ak dokiman apwopriye yo.

# ANSANM AK APLIKASYON OU LAN OU DWE METE:

## FÈY POU VERIFIKASYON DOKIMAN YO

- ❑ POU TOUT MOUN LAKAY OU KI TE RANPLI YON TAKS SOU REVNI FEDERAL POU ANE 2007 LA, OU DWE BAY DOKIMAN SA YO: Pou taks sou revni federal ou te prepare poukont ou pou ane 2007 la, ou dwe prezante yon relve taks sou revni w ansanm ak aplikasyon ou lan (ou kapab kontakte IRS nan 1-800-829-1040 oswa [www.irs.gov](http://www.irs.gov)). Nou PA aksepte papye taks ou prepare poukont ou san ou pa voye yon relve. Pou papye taks federal yon pwofesyonèl prepare pou ane 2007 la, ou dwe bay kopi ki siyen yo ansanm ak tout fòm anplis yo ki vini ak papye taks federal ou yo pou ane 2007 la.
- ❑ Dokiman ki montre MONTAN LAJAN ANTOU ou te resevwa pou ane 2007 la pou tout revni yo pa pran taks sou yo (gade nan ESPLIKASYON yo pou w ka jwenn egzijans espesifik yo).
- ❑ Pou chak elèv kap rantrè nan klas 1ye a 12èm ane, yo egzije yon kanè lekòl ki montre omwen twa peryòd, youn apre lòt, kote yo te bay elèv nòt nan kanè yo (ladan li dwe genyen 1ye peryòd yo te bay kanè a).
- ❑ Pou chak elèv kap rantrè nan Jadendanfan, yo egzije yon kopi batistè yo.
- ❑ Yon frè \$30.00 ki pa ranbousab pou aplikasyon an, pou chak kay, ki dwe peye ak chèk, money order oswa lajan kach. Fè chèk la ak/oswa money order yo peyab sou non PRIVATE SCHOOL AID SERVICE (PSAS).

## FÈY POU VERIFIKASYON APLIKASYON AN

- ❑ Ou dwe sèten tout enfòmasyon ou bay sou lakay ou a kòrèk.
- ❑ SIYEN aplikasyon ou fin ranpli a ak dezyèm paj tout papye taks yo epi voye li tounen ansanm ak tout dokiman nou mande yo. Si w ekri non toulede Paran/Moun ki Responsab elèv yo, toulede dwe siyen aplikasyon an pou nou kapab travay sou li.
- ❑ Voye dokiman sou revni chak moun lakay ou. Ladan li dwe genyen yon kopi papye taks ane pase a ki siyen, Relve taks IRS ak/oswa lèt/rapò fen ane pou nenpòt ak tout sous revni yo.
- ❑ Bay enfòmasyon yo mande a nan espas vid yo toupatou nan fòm sa a, mete "pa gen rapò" oswa 0 si gen eleman ki pa gen rapò ak sityasyon pa w la. Pa kite okenn espas vid. Tache fèy papye anplis, si l nesesè.
- ❑ Ekri Nimewo Sekirite Sosyal Paran/Moun ki responsab elèv A (nimewo kòd fanmi an) sou chak dokiman ou prezante, ni sou aplikasyon ni sou nenpòt dokiman ou voye pita tou. **Si w pa fin konplete etap sa a nèt, sa kapab fè dokiman ou yo pa matche ak aplikasyon ou lan epi sa kapab fè lakay ou pa kalifye pou yon bousdetid.**
- ❑ Voye kopi dokiman ki lizib sèlman. PA VOYE dokiman orijinal yo. Nou pa voye dokiman tounen.
- ❑ Pou mete adrès ou ajou, ou dwe fè sa nan Carrie Meek: [info@carriemeekscholarship.org](mailto:info@carriemeekscholarship.org) oswa rele 866-590-5374.

## Kopi fòm 1040, 1040A oswa 1040EZ ou yo pou ane 2007 (tout paj yo)

The image shows a sample of the 2007 U.S. Individual Income Tax Return Form 1040. The form is partially filled out with the year 2007. It includes sections for personal information, filing status, exemptions, income, and adjusted gross income. The 'Adjusted Gross Income' section shows a total of 25. The form also includes instructions and a footer with the IRS logo and contact information.

**Si w pa gen tout dokiman nou egzije yo:**

**Kontakte IRS pou w mande yon kopi fòm 1040, 1040A oswa 1040EZ ou, ak tout lòt fòm anplis yo, eksetera 1-800-829-1040**